# जहलक डायरी

उदय नारायण सिंह  'नचिकेता'

ई-लेखन
**शान्तिनिकेतन-कलकत्ता**
**नवम्बर, 2015**

जहलक डायरी
***Jahalak Diary***
**By** Udaya Narayana Singh 'Nachiketa,' Santiniketan

*Copyright © Rajarshi Singh*

All rights reserved. No part of this book may be reproduced or utilized in any form or by any means, electronic or mechanical, including photo-copying, recording or by any information storage or retrieval system, without permission in writing from the publisher.

*First published in November, **2015** by* E-LEKHAN Foundation – Kolkata/Santiniketan

E-LEKHAN Foundation; E-mail: unsciil51@gmail.com Ph +91-9830132234 at A-132, Lake Gardens, Kolkata 700045 & B1&C1, Dakshinayan, Abanpally, Santiniketan 731235 Dt Birbhum, West Bengal.

Price: INR 100.00 ; US $ 5.00

# समर्पण

**अणिमा-शुचिता आ' वर्णमाला कें -**

# प्रस्तावना

आइ जखन हम घुरि कय अपनहि बीतल जीवन दिसि देखै छी त लगैछ जे भरिसक मैथिली क लेल प्राण समर्पित करताह एहन क्यो मिथिलालोक मे नहि भेंटल हमरा। हम ई मानि कय चली जे हमरा लग कोनो पोट्टी श्रीरामुलु नइ छथि। कम-सँ-कम हम नहि देखल अछि पछिला पचास सालक साहित्य-जीवन मे।

लिखबा लेल संगणन तथा अन्तर्जालक मूषिका अर्थात माउस पर हाथ धरैत मोन पड़ि गेल जे अही वर्ष मार्च-अप्रैलक महीना मे मैथिली मे कविता-कर्म कें ल' कय उपस्थापित हैबाक पचास साल पूरि रहल अछि - लगैछ कत्तेक युग पहिने 1965 मे मात्र छद्म-नाम सँ प्रकाशित 'नचिकेता'-क 'कवयो वदन्ति'-पुस्तक अत्यंत ममत्वक संग मुद्रित कयने छलाह तत्कालीन हिंदी क सुपरिचित कवि-प्रकाशक माणिक बच्छावत जी जे कि कलकत्ते मे रहैत छलाह। किएक त मैथिली भाषा आन्दोलनक एकटा बड़का श्रेय जाइत छनि कलकत्ता मे रहियहु कय देस-कोसक व्यथा पर दुखी मैथिल बंधुलोकनि कें, एवं किएक त मैथिलीक नाट्य आंदोलन सँ एतहुका हिंदी तथा बांग्ला जगतक

व्यक्तिओ प्रभावित छल - तैं एहि मे आश्चर्य नहि जे ओसब सदिखन मैथिली प्रकाशन दिसि सेहो रूचि लेताह।

आइ जे सब अपन वंश-गौरव केर टिकट कँ लहराबैत मैथिलीक खीर खाय लेल सरकारी संस्थासभ तथा विभिन्न प्रकल्प केर चारू दिसि चक्कर काटि रहल छथि माथ ऊंच कयने ओसब संघर्षक घड़ी मे कतय नुकायल छलाह से नहि जानी। आब जखन इतिहास लिखबाक भार हिनके सब पर छनि, तखन विषाद अहि लेल होइ यै जे ओसब सभटा कृतित्व अपनहि झोरा मे रखबाक प्रयास करै छथि। आ' हमरा मोन पड़ै ये पुरनका कलकत्ता क - बसक अथवा ट्रामक कंडक्टरी करैत, टैक्सी केर चालक अथवा रिक्शा चलबैत, नह-केस काटैत मैथिल, वा ऑफिस मे मामूली चाकरी करैत, स्कूल मे पढ़बैत, ट्यूशन पढ़बैत मैथिल अथवा मिथिलाक छात्र-अध्यापक जे चाहे राजेन्द्र छात्र निवास नहि त कोनो मेस मे कोनो तरह सँ रहि रहल छलाह, ओसब कोना मिथिला-मैथिलीक समर्थन मे अपन गाम-घर सँ दूर रहियहु कय गरजि उठल छलाह पचास सँ सत्तरिक दशक केर काल में, से जँ नहि देखबाक प्रण करताह आजुक पाखंडी लालची नकली भाषा-साहित्य-प्रेमीलोकनि त बड्ड अन्याय होयत।

एकर अलाबे - हमरा ईहो लागल जे हमसब भरिसक एकटा जन्मांध प्रजन्मक भाषा-भाषी छी जनिका अन्यत्र कोना कोना भाषा-आंदोलन चलि रहल छल - तकर कोनो परवाहिए नहि छल। कखनहु त' लागै छइ जे हमरा हाथ-पैर बान्हने क्यो ध' देलक अछि काल-कोठरी मे जत' सं बहिरयबाक रास्तो हमरा नइ पता – एहने मानसिक स्थिति मे कतेको भावना बंदी मोन मे जागैत रहैत अछि जकरा संग मोन मे छायल निराशा सं ल' कय प्रेम-प्रीति-स्मृति सबटा भीड़ कयने आयल अछि एहि पाँति सभटा मे – आब हमरा दिसि सं मात्र पाठकीय प्रतिक्रियाक प्रतीक्षा अछि -

नचिकेता

शान्तिनिकेतन
23.11.2015.

# सूची

**(पहिल पाँति क अनुसार)**


| | | |
|---|---|---|
| 1. | जखन जहलक चारोटा देवार | 09 |
| 2. | हम कहिया अहाँ जकाँ लिखि सकब, अरुंधती | 10 |
| 3. | बिसरि जाइ छी हम सबटा बात | 11 |
| 4. | जँ आबि जाय अश्रु आँखि मे अहाँ कें | 14 |
| 5. | ई जे प्रत्येक सप्ताह मे अहाँ अबै छी | 15 |
| 6. | बैसल बैसल अन्हार कोठरी मे | 17 |
| 7. | कहियहु कखनहु त ईहो लागै छइ | 19 |
| 8. | पता नहि ई कौन पृथ्वी पर आबि गेल छी हम - | 20 |
| 9. | एहन कोनो शक्ति दिय' हे काराधीश | 21 |
| 10. | आँखि ओत' नइ छलनि, जतय आँखि कें | 22 |
| 11. | झूठ-मूठक जेल-यात्रा कयने छलहुँ कतेको बेरि | 23 |
| 12. | एतय हाथ-पैर पर बेड़ी अछि तैयहु | 24 |
| 13. | ई जे हमर वार्तालाप मात्र अहीं सँ छइ कविता | 26 |
| 14. | आयल छली एक बेरि भेंट करय दमयंती | 27 |
| 15. | काल्हि आयल छला' महानुभाव कोनो | 28 |
| 16. | जहलक जाहि दिसि हमर बंदीशाला अछि | 30 |
| 17. | जहिया चलइ छलहुं मार्ग पर सं कोनो | 33 |
| 18. | ज्वालामुखी केर तरजुमा करै कहै छी | 34 |
| 19. | कखनहु भरिसक ईहो लागै' हैत | 35 |
| 20. | जहले त' थीक हमर-अहांक ई बंधन | 36 |
| 21. | आइ बहुत दिनक बाद | 38 |
| 22. | अहाँकें भरिसक क्यो नइ कहि सकल आइ धरि | 40 |
| 23. | ई नइ जे दू-एकटा छोट-छीन भूल नइ भेल अछि जीवन मे | 41 |
| 24. | चित्रकार आ' कवि छथि आमने-सामने बइसल पुनः | 42 |
| 25. | काल्हि राति धरि छलहुं गोवा केर समुद्रतट पर बनल | 43 |
| 26. | के कहलक अछि - दू आ' दू जोड़ त' चारिये होइ छइ? | 45 |
| 27. | बात शुरू भेल छल किछु एइ तरहें | 46 |


**नचिकेता-क अन्यान्य पुस्तकक सूची**

**1966**. *कवयो वदन्ति.* Calcutta : Mithila Darshan. 56 pp. (`Thus say the Poets': A collection of Poems in **Maithili**) (Hindi translation, 1982. Calcutta: Mithila Darshan. 78 pp.)
**1971a**. *नायकक नाम जीवन.* Calcutta : Akhil Bharatiya Mithila Sangh. 112 pp. (`The hero is life' : A play in **Maithili**).
**1971b**. *अमृतस्य पुत्रः* . Calcutta : Loka Sahitya Parishad. 56 pp. (`The sons of the Immortal' : A collection of poems in **Maithili**).
**1974a**. *एक छल राजा.* Calcutta: Maithili Rangamancha. 72 pp. (`There was a king': **Maithili** play)
**1974b**. *नाटक क लेल.* Calcutta: Mithila Darshan. iv+76 pp. (`For a play' : A play in **Maithili**).
**1976**. *प्रत्यावर्तन.* Calcutta: Mithila Darshan. 59 pp. (`The return': A play in **Maithili**).
**1977a**. *आन्दोलन* Calcutta: Mithila Darshan. 45 pp. (`The movement' : A play in **Maithili**).
**1977b**. *रामलीला.* Calcutta: Mithila Darshan. 48 pp. (`The Ramlila' : A play in **Maithili**).
**1978**. *जनक आ' अन्य एकांकी.* Calcutta: Mithila Darshan. 58 pp. (`Janak and other one-act plays': collection of one-act plays in **Maithili**).
**1981**. *अनुतरण.* Calcutta : Mithila Darshan. 44 pp. (`The failure': Poems in **Maithili**).
**1983**. *Diglossia in Bangladesh and language planning*. (Jointly Maniruzzaman). Calcutta : Gyan Bharati. 214 pp. **[English]**
**1987**. *A Bibliography of Bengali Linguistics*. Mysore : CIIL. xii+316 pp. **[English]**
**1988**. *प्रियम्बदा.* (A play in **Maithili**). Vaidehi (Patna), April . 281-304.
**1992**. *Language Development and Planning: A Pluralistic Paradigm*. Shimla: IIAS and New Delhi: Munshiram Manoharlal. x+116 pp.[ **English]**
**1997**. *Asru O Parihas* (A collection of **Bengali** poems). Kolkata: Pritonia.
**[POETRY] 2002.** *Khaam-Kheyaali* (A collection of rhymes in **Bengali**). Kolkata: Ebang Mushaera.
**2005**. *मध्यमपुरुष एकवचन.* (A collection of poems in **Maithili**). Delhi: Vani Prakashan.
**2006.** *India Writes: A Story of Multilingual and Pluricultural Society.* New Delhi: National Book Trust. 154 pp. Frankfurt Book Fair, Guest of Honor Publication. **[English]**
**2008.** *No Entry: Maa Pravisha* (Full-length play), E-published in www.videha.com and later by Delhi: Shruti Publications.
**2010a.** *Translation as Growth.* Pearson/Longman. **[English]**
**2010b.** *Bhashar Sahitya: Sahityer Bhasha.* Kolkata: Anushtup. **[**Essays in **Bengali]**
**2011.** *Esecho eso raat*. [A collection of **Bengali** rhymes]. Kolkata: Sahaj Path.
**2012**. *Bhut-Chaturdashi* (A collection of Ghost-Stories in **Bengali**). Karigar, Kolkata
**2016.** *Kibhabe porbo Sanskritike: Bishay Rabindranath.* Calcutta: Prativas. **[Bengali]**
**2017a**. (Forthcoming) *Beyond Language: Towards Silence – Tagore's Journey Into Art and Poetry.* Andorra: Anima Viva Multilingue. Golden Tagore Collection, Vol 2.
**2017b**. (Forthcoming; with Rajib Chakraborty, Bidisha Bhattacharjee & Arimardan Kumar Tripathy) *Languages and Cultures on the Margin: Guidelinesfor Fieldwork on Endangered Languages*. Centre for Endangered Languages, Visva-Bharati.
**2017c**. (Forthcoming, Jtly with Rajarshi Singh) *The Other India: View From Below*. New Delhi: Sahitya Akademi.

## संपादित पोथी

**1987a**. *Kabitaar bhaaSaa*. (Jointly ed., with Anjan Sen) 148 pp. Calcutta: Gaangeya Patra. **[Bengali]**
**1987b**. *Upanyaaser Saahityatattva*. (Jointly ed. with Anjan Sen) Calcutta: Raktakarabi. **[Bengali]**
**1987c**. *Perspectives in Language Planning*. (Jointly ed., with R.N.Srivastava) 186 pp. Calcutta : Mithila Darshan. 2nd edn with introductory essay. Calcutta: Mithila Darshan. **[English]**
**1990**. *Mith, Saahitya Sanskriti* (edited with Anjan Sen). Calcutta: Granthalaya. (in **Bengali**).
**1997**. *Suniti Kumar Chatterji A Centenary Tribute*. (Jointly ed., with Shivarama Padikkal), 218 pp. New Delhi: Sahitya Akademi.
**2000**. [Ed.] *Papers in Applied Linguistics I:Festschrift in Honour of Professor O.N.Koul*. Mysore: Central Institute of Indian Languages. **[English]**
**2001a**. [Ed.] *Papers in Applied Linguistics II: Saptati Felicitation Volume for Professor D.P.Pattanayak*. Mysore: Central Institute of Indian Languages. **[English]**
**2001b**. [Ed.] *Culturation: Essays in Honour of Jawaharlal Handoo*. Mysore: Central Institute of Indian Languages. **[English]**
**2002c**. [Ed. With N.H.Itagi & S.K.Singh] *Linguistic Landscaping in India (with particular reference to the New States: Proceedings of a Seminar).* Mysore: Central Institute of Indian Languages. Pp xii+255. **[English]**
**2004**. [Ed. With N.H.Itagi & S.K.Singh] *Language, Society and Culture (ZICR: Visitations to ZIth Century Realities: Part Proceedings of a Seminar).* Mysore: Central Institute of Indian Languages. Pp xii+209. **[English]**
**2010b.** [Ed. Jtly with Anjan Sen] *Upanyaser sahityatattva.* Kolkata: Sahitya Sansad. **[Bengali]**
**2011a. [**Ed. & Comp. with Leslie Farrell & Ram Giri]. *English Language Education in South Asia: From Policy to Pedagogy*. Cambridge University Press. **[English]**

**2011c. [**Ed. & Comp. with Suchita Singh & Chandan Hazra]. *Longman-CIIL Basic English-English-Bengali Dictionary.* New Delhi: Pearson Education. **[English & Bengali]**
**2011d. [**Ed. & Comp. with B.R.Pal & S.K.Singh]. *Longman-CIIL Basic English-English-Hindi Dictionary.* New Delhi: Pearson Education. **[English & Hindi]**
**2011e. [**Ed. With Navdeep Suri] *Rabindranath Tagore 1861-1941: A Commemorative Volume*. Ministry of External Affairs, Govt of India. **[English]**
**2012a. [**Ed. & Comp. with Pradhan Gurudatt & S.S.Yadurajan]. *Longman-CIIL Basic English-English-Kannada Dictionary.* New Delhi: Pearson Education. **[English & Kannada]**
**2012b. [**Ed. & Comp. with Basanta Panda & B.N.Patnaik]. *Longman-CIIL Basic English-English-Oriya Dictionary.* New Delhi: Pearson Education. **[English & Oriya]**
**2012c. [**Ed. & Comp. with V.S.Nair & Sadashivan]. *Longman-CIIL Basic English-English-Malayalam Dictionary.* New Delhi: Pearson Education. **[English & Malayalam]**
**2012d [**Ed. & Comp. with Sam Mohanlal, L.Ramamoorthy & Vimala]. *Longman-CIIL Basic English-English-Tamil Dictionary.* New Delhi: Pearson Education. **[English & Tamil]**
**2012e**. *Kabitaar bhaaSaa*. (Jointly ed., with Anjan Sen) 148 pp. Calcutta: Bangiya Sahitya Samsad. **[Bengali]**
**2015. Thai version of 2011-edited vol.** *Rabindranath Tagore 1861-1941: A Commemorative Volume*, from *India Perspectives* 24.2., eds Tanishtha Danslip & Makut Onrudee; Bangkok: Bharat Book House/Butterfly Publishing.
**2017d.** (Forthcoming, ed.) *Perspectives in Language Planning*. Kolkata: Alphabet Books.

### अनूदित पोथी

**1983b**. *Iishvarcandra Vidyaasaagar*. (Translated from English into Maithili, from Hiranmay Banerji). New Delhi: Sahitya Akademi. Makers of Indian Literature Series. 95 pp.
**2003.** [Tr.] *Maithili Sahityer Itihas*. (Translated from Jayakanta Mishra's *Maithilii Saahityak Itihaas*). New Delhi: Sahitya Akademi.
**2006.** *Second Person Singular* [Translated from Maithili]. New Delhi: Katha.
**1998**. [Ed. & Tr.] *AnukRiti*: A translation of Contemporary Maithili Poems into **[POETRY]** Bengali. New Delhi: Sahitya Akademi. 75 pp.
**2008.** *Munnilai Orumai* (Tamil translation of *Madhyampurush Ekvachan* by Si.Mani). Trichy: Adaiyalam.
**2009.** *Zwite Person Zingular* (German translation of *Madhyampurush Ekvachan* by Katya Vermouth). Heidelberg: Draupadi Verlag.
**2013a.** *Dhvase Jay Shanti Stup* (Translated from Maithili into Bangla; Keertinarayan Mishra's poems); Kolkata: Sahitya Akademi.
**2013b/Forthcoming.** ***The Other Gitanjali***. Andorra: AnimaViva multilingüe SL, Escaldes – Engordany, Principat d'Andorra [www.animaviva-publisher.com]. ISBN 978-99920-68-26-7; E-Book: ISBN 978-99920-68-24-3 2016c, Indian Edition. *The Original Gitanjali*. Kolkata: E-Lekhan & AnimaViva multilingüe.
**Forthcoming in 2016.** *Vachana – Maithili translation of 2500 Vachanas from Kannada*. Bangalore: Basava Samithi.

## जहलक डायरी - 1

जखन जहलक चारोटा देवार
हाथ मे हाथ धैने हमर मुक्तिक
सब-टा रास्ता देलक अछि बन्न कयने
तखनहि प्रिये, समय अछि
धार-कतारक
पेंचकस-कुड़हारिक
तखनहि 'खोध' पड़त जमीन तर छुपल
गुप्त पथ केर संधान
तखनहि त हैत शुरू !

तखन चारोटा देवार मोन लगा कए देखत
कोना कोना अहाँ निःशब्द खोधै छी सुगभीर

कोना पत्थर केर ह्रदय कें करै छी छिन्न-भिन्न
अपन करुण-तम गीत गाबि-गाबि

कोना जाहि डारी पर छी बैसल
तकरहि ऊपर चला रहल छी कुड़हारि

आ’ हाथ मे धैने छी हमर मुक्ति-गीत सबटा कें

दिल्ली
26.3.2011.

## **जहलक डायरी** - 2

हम कहिया अहाँ जकाँ लिखि सकब
अरुंधती
कहिया लिखि सकब जेना अहाँ लिखै छी
अनजानल लिपि में
जकर मात्रा ने जानि हम कत' बहि जाइछ टेढ़-मेढ़
आ जे कि सबटा व्याकरण तोडै' छइ हस्तलेख केर
जकर भीतर मे रहैछ दबल
अप्रकाशित अनुभूति
जत' शब्द आ पदबंध मारै छइ किलकारी
गली-मोहल्लाक सबटा ध्वनिक संग
करै छै निर्मम परिहास
आ’ तखन आबि कय बैसि जाइछ
हमर रंगक पलेट पर
जहालक वासंती पूर्णिमा केर रंग मे
ता कि हम नहु-नहु रंग में छोपि सकी
खागक कलम आ बुरुश कें
आ तस्वीर बना सकी अनकहल कथा केर
जाहि मे रहत सनसनी खेज खबरि ततेक
वर्णन एकटा भयावह युद्ध केर जाहि मे
प्रजन्म दर प्रजन्म मेटा गेल हो धूलि मे
बस हमरा आ अहाँ कें छोडि
अरुंधती

कहिया हम लिखि सकब अहाँ जकाँ

दिल्ली
26.3.2011

## जहलक डायरी - 3

बिसरि जाइ छी हम सबटा बात
तैयहु जे किछु अछि मोन गाम-घर दय
सैह लिखै रहै छी एखनहु,
हमर आ' अहांक बीच जे शत्रुता
हमरा पंगु बना देने छल -
कलमो के हमर भोथ बना देने छल,
आबहु एत्तेक दिन जहल मे रहियहु कय
सोचै छी लिखै छी तकरहि दय

कोना कोना कय बसातो विष कें
कन्हा पर धरैत घुरैत बिखरैत छल,
कोना मेघ सबटा पुरनका रटलका बिसरि गेल छल,
शब्द-मध्य-कोष, बरखा केर परिभाषा,
आ' कोना हमर सखियो छोड़ि कय हमरा
चलि देने छली हरियर दुनिया दिसि
जतय खान-पां-पाइ-सन्मान
सभटा उडैत रहै' छल हवा मे -

आब हमरा ले' बांचले की छल बताऊ
हमरा करो देखे चाहबो करत त' कोना
देखि सकै छल क्यो -
देखत त' देखाई देत चारू दिसि मात्र देवारे,
आ' जहलक शलाका, जंजीर!
वैह - लोहा केर दरबज्जा
खनखना रहल अछि क्यो -
भरिसक हमरहि कोनो पुरनका कविताक पाठिका
जे एखनहु बिसरल नहि छथि
हमर प्रेम-गाथा सभटा कें;

एखनहु वसंतक बसात बहब शुरुये भेल कि
उताहुल भ' उठै छनि हुनकर मोन -
हमरहि कविताक चारिटा पाँति लेल !

हमर त' आँखि आब साथ नइ दैत अछि,
ने हमर बांहिये मे छइ आब जोर कोनो,
कान सं सुनै छी त' मात्र मस्जिदक आजाने-टा,
अथवा 'मधुवाता ऋतायते,
मधुक्षरति सिन्धवः'-केर मन्त्रपाठ ,
नइ त' हीब्रू मे लिखलका पुरनका बाईबल केर
दुर्बोध्य गीत कोनो;

हमर त' कान सुनिते नइ अछि
आजुक चहल-पहल
भीड़ सं ठूसल राजपथक आर्तनाद,
अथवा लुंठित होइत कोनो किशोरी केर चीत्कार -
हमर त' कान आब अतीतेक तार पर
रहै' अछि बान्हल
अहि जहलक चारू देवारक भीतर

कहू हम ककरा ककरा मोन पाड़ब,
के अओता' आइ हमर जहलक डाइरीक पन्ना पर,
किनका दियौनु उपराग जे आब
ओ हमरा मोनें नइ पाड़ै' छथि,
नइ बजबै' छथि मंच पर कोनो!
बूढ़, थाकल, अशक्त कवि छी हम -
व्याकरणक कोटि सं बान्हल हाथ-पैर
एहन कठिन कारागार मे निक्षिप्त
हमर समालोचक लोकनि द्वारा
जे हम बिसरि जाइ छी सबटा बात
तैयहु जे किछु मोन अछि से त'

अहीं-सभक सिनेह अछि मोन
कोना-कोना कय सराहै छलहुँ हमर
कविता पढ़ि कय,
नेनपने मे बान्हल, नचिकेता -
आब पैघो नइ भेलहुँ कि बुढ़ापा ध' लेलक
हमरा कमर कसि कय;
बिसरि रहल छी सबटा बात - एहि जहलक जिनगी मे!
मोन अछि त' मात्र राजनीति
आ' प्रेम-प्रीति हमर-अहाँ के बीच,

आ' सोचे' छी'
लिखै छी' तकरहि सब दय!

14 फरबरी, 2014

## जहलक डायरी - 4

जँ आबि जाय अश्रु आँखि मे अहाँ कें
त' बहय दियौ तकरा, बहै दियौ एत्तहि!
जं भीतर सं लगै' आब उलटी भ' जायत,
त' भ' जाय दिय' जे-किछु रोकल नइ जा सकै' छइ तकरा!
जं लागय आब पीक बिना फेंकने उपाय नहि,
त' रंगे दियनु अनकर देवार कें -
हमर त' लाल, लाले अछि जहलक
चारू दिसि केर देबार दरबज्जा
बन्न रहैत रहैत आँखि-ठोर-मुंह सभटा
सुखा' गेल अछि हमर -
कोना आशा करै छी आबहु
प्रेमक गीत गाबि सकै छइ क्यो

राजधानी
15 फरबरी, 2015

## **जहलक डायरी** - 5

ई जे प्रत्येक सप्ताह मे
        अहाँ अबै छी
        जहलबंदी सं भेंट करय
ई जे जेलर साहब कने मुस्का कय
        अहाँक करै छथि स्वागत
ई जे बाहरक प्राचीर
बरखा मे भीजैत साँस लैत
आस नेने अहीं कें देखै अछि
                    बेर बेरि

कोना कोना कय यौवन अहाँ क
        समय केर लकीर पर बढ़ि रहल आगाँ
        से अहूँ नहि बूझि रहल छी भरिसक
ई जे मोतिहारी सं आयल हवलदार
        आबि कय खोलि दैत अछि गेट कोठरीक,
तकरा सब दिसि अहाँ कहियहु देखलियैक?
धधकल आँखि दिसि नजरि पडल कहियहु?
बेचारे कहिया सं भूखल-थाकल
पहरा द’ रहल अछि हमरा सन-सन आसामी कें!

मात्र हमरा देखला सं की हैत?
आब अगिला चौदह बरख रहय पडत
        हमरा बिना - ता ता बीति जायत कतेको वसंत
        हमरा बिना रहबाक अभ्यास क’ लिय’
आब देखू आँखि खोलि कय दुनिया दिसि
कतहु किछु रुकल नहि  अछि हमरा बिना
ई नहि जे आनंद विहार बंद रहत हमरा बिना
अहूँ आँखि खोलू आ’ देखू -

तनी-मनी बईमानी त’ करबे ने करइ छइ लोग!
नहि देखलहुं कतेक झूठ बाजै’ छथि ओकील सब कचहरी मे?
कोना-कोना पासा पलटि जाइ छइ दुनिया मे

बिना बेईमानी केर कोना कहि सकत क्यो
मन-गढ़ंत निटोल कथा क्यो, उपन्यासे कोनो,
सब ठाम छइ मिश्रण

तखन अहीं कियै जिद्द धयने छी सदिखन
जे बाजब जं त' सत्य बाजब,
सत्य बिना कखनहु नहि बाजब फूसि!
आँखि खोलू आ' देखू -
हम त' खोलबो करब आँखि त' देखब चारोटा देवारे -
करय चाहबो करब बईमानी त' करब ककरा सं?
एत' त' छटल बदमाश सब अछि जूटल
एक्कहि ठाम;
कोनो काज नहि देत हमर मिथ्या बाजब -
नहि क्यो लिखत तकरा ल' कय कथे कोनो;
चौदह बर्ष - जा धरि रहत वनवास हमर,
कनी-मनी एम्हरो-ओम्हर देखैत रहू अहाँ

दिल्ली
15 फरबरी, 2015

## **जहलक डायरी** - 6

[जीवकान्त माया बाबू नागो बाबा]

बैसल बैसल अन्हार कोठरी मे
नाचब-गायब बिसरि गेल छी हम,
आब अहीं नाचू हे जीवकांत
आब पृथ्वी नहि नचती !
ओ त' आब माया बाबू केर
शैलयुग सँ राधाकृष्णक 'सारान्तिधा' बनि

खेत पर छथि ठाढ़ि एसगरे
सोमदेवक 'अंगा' पहिरि
चारूकात चलैत यात्री केर
पत्रहीन नग्न गाछ
प्रतीक्षा करैत कखन अओताह
रामलोचनक इतिहासहन्ता
पहिरि राजकमलक ललका पाग
साम्यवादक गबैत गीत कोनो
कहिया सँ ल’ कय कहिया धरि
ईराक़ सँ ल’ कय कंदहार धरि
कहिया श्रुतकीर्ति मित्र-पक्ष बनओताह
ध्वस्त होइत शांति स्तूप
भले कहियहु देशक नाम होई 'सोनचिरैया'?
अग्निजीवी कविलोकनि
कयलनि उद्गार, बजलाह मध्यम पांडव -
'जँ सबटा बनि गेल हो पसिझैत पाथर
तैयहु फहरिते रहती कीर्ति-पताका’
विद्यापति ठाकुर, गबिते रहताह,
माटि तर नुकौने खजाना वर्णरत्नाकर केर,
ज्योतिरीश्वर आब अही माटि पर गबै छथि गीत
इलारानी, विभारानी, लिली, शेफालिका संगे
भ' सकैछ से सबटा सुनि सुनि के नचिकेता
आँखिक सामने एक बेर आर नाचि उठती पृथ्वी
आ जीवकांत रहता' कविता लिखै
भाई-साहेब कथा-पिहानी
सुकांत रहताह लिखैत सांवादिकी गद्य कतेक
कुणाल ओझरायल नाटकक वार्तालापे मे
गौरीनाथ कांचीनाथ रमानाथ धरि - सब क्यो,
अथवा काशीकान्त सँ 'वैदेही' केर कृष्णकान्त धरि
वा शोध-सम्राट जयकांत धरि
सुमन-जी भुवन-जी किसुन-जी विसुन-जी धरि
सब क्यो अहिना लिखिते रहि जयताह
बिसरल तिरहुतिया केर गीत कोनो
गरा घोंटि के जकरा मारि देल गेल अछि

तावत पृथ्वी नहि नचती
नहिये नाचथि त' नीक
नहि त' कोशी पुनः जागि जयती'
तावत नाचू हे जीवकांत !

कलकत्ता
27.3.2011.

## जहलक डायरी - 7

कहियहु कखनहु त ईहो लागै छइ
जे हमहीं छी बैसल दुआरि पर
हाथ मे भफाइत चाहक प्याली,
कन्धा पर एकटा गमछी धयने,
अथवा गाछी मे - मचान पर,
लहलहाइत आमक डारी दिसि निहुरैत
आ' अहाँ छी जहलक भीतर -
आ' भीतर सं भोंकि रहल छी भाला -
प्रश्नक, संशयक, संदेहक -
पूछि रहल छी एहन सब प्रश्न
जकर उत्तर नहि द' सकताह स्वयं कामदेव,
हम त' छी कोन तुच्छ प्राणी?

ओंघी कटै छइ त' देखै छी
आर क्यो नइ,
सभटा प्रश्न त हमहीं जोगने छलहूँ
जहिया सं अदालत सुनैने छल सजा
तहिये पढ़ने छलहूँ अहींक आँखि मे

शान्तिनिकेतन
27.2.2014.

## **जहलक डायरी** - 8

पता नहि ई कोन पृथ्वी पर आबि गेल छी हम -
जखन कि हैबाक ई चाही जे
तेहेन  व्यवहार अनका संग नहि करी
जे स्वयम अनका सँ नहि प्राप्त कर' चाहै छी ;

शास्त्र मे कहल गेल अछि -
**श्रूयतां धर्म सर्वस्वं श्रुत्वा चैव अनुवर्त्यताम् ।**
**आत्मनः प्रतिकूलानि, परेषां न समाचरेत् ॥**
धर्म केर सर्वस्व की थीक, से सुनू -
आ’ सुनि  कय
ताहि तरहक पथ पर चलू !

अपना कें जे किछु नीक नहि लगे,
तेहेन आचरण अनका संगें नहि करी त’ सैह नीक
मुदा, के सुनत गय हमर बात
आ’ सद्विचार एहन सब
जहलक असामी सं?

तैं जकरा जेना फुरै छइ
से कयने जा रहल अछि -
पता नहि ई कोन दुनिया मे रहि रहल छी हम

शान्तिनिकेतन
27.11.2014.

## **जहलक डायरी** - 9

एहन कोनो शक्ति दिय’ हे काराधीश
जाहि सं दीर्घ निद्रादेवी आबि जाथि
आँखि पर सहजहि
आबि कय ल’ जाथि एहन कोनो भूतल पर
जतय दिन-रातिक विभाजन कें
मेटा देने छइ क्यों
आ’
अन्हारे मे हमरा सुनबै जाइत रहत
मात्र आलाप विलंबित त्रिकाल

जतय नइ रहइ छइ प्रयोजन आर कोनो;
के हमरा ल' जाओत हाथ धयने
एहन भूतल दिसि
एहि काल-कोठरी सं
आ' कहिया?

शान्तिनिकेतन
20.2.2015.

## **जहलक डायरी** - 10

आँखि ओत' नइ छलनि
जतय आँखि कें हेबाक चाहीयनि,
भौं सिंकुड़ि कय आँखि क नीचाँ -
कपार पर लिखल कैद-खाना केर नम्बर
भाग बुझू,
जे-किछु लिखने होइ क्यो कखनहु ताहि पर;
आब सेहो सबटा मेटा देलक अछि क्यो,
वन्दिनी शक्ति कोनो;
एखन मात्र मुँहटा अछि खूजल
बजबा' ले' अछि चीत्कार
जकर नइ होइ छइ ध्वनिमंजरी;
सोचबा ले' अछि शून्यता
जकर नइ होई छइ आकार कोनो;
सुनबा' ले' मात्र जंजीरक किंकिणी,
जकर शब्दतत्त्व कालक ढेव मे बहा देने अछि क्यो

आब मात्र परीक्षा
अर्थक, अनर्थक - एकटा आने कोनो
भाषातत्त्वक बुझू

शान्तिनिकेतन
27.2.2014.

## **जहलक डायरी** - 11

झूठ-मूठक जेल-यात्रा कयने छलहुं
कत्तेको बेरि
भयानक सब सपना मे
जे किछु देखै छलहुं
जहिया छलहुं अपराधी -
डूबैत चलि गैल छलहुं
अपराधक जगत मे;

ओत' सं निकलि कय सांस लेब -
आनंद आओत कतहु सं
बाजत बाँसुरी कोनो
रंग हरियर फहरि जाओत, मोन सं
क' देत दूर भय आ' त्रासदी सबटा -
एहन कतय भेल हमरा संगें?

घनघोर अन्धकार, दीर्घ निद्रा केर पर्दा
आ' भयंकर सब सपना -
गी लेबाक लेल आबैत छल
धाबैत, हमरहि दिसि सदिखन

शान्तिनिकेतन
14.7.2014.

## जहलक डायरी - 12

एतय हाथ-पैर पर बेड़ी अछि तैयहु
हम जानि सकै छी बाघक चमड़ी
केहन दाम पर बिकाइ छइ अहांक बजार मे,
जानै छी कोना कोना कय हाथी केर दाँत सं
वंचित कयल जाइ छइ ऐरावत केर जाति कें
जानै छी कोना कय हथियौने छी अहाँ
सभटाक सामाजिक सन्मान, वाहवाही

एत्तहि बैसि कय हम मोने-मोन
लिखैत चलैत जाइ छी हम, पृष्ठ दर पृष्ठ
'महाभारत'क नवका सिरीज़
यदुवंशी सबहक पिहानी -
कोना आपसे मे अथक संग्राम मे
लिप्त छी अहाँ, ओ आर सब क्यों;
जानै छी पुरस्कार कटते' पाइ मे बिकाइये,
जानै छी बौकू बाबू कोना बनि गेला' विद्वान्
कोना कोना विज्ञानक प्रगतिक आगि मे
अहूँ सेंकि नेने छी कयटा रोटी

जानै छी कियै' बूड़िबक बाक्स सभटा -
जकरा अहाँसब कहै छी नवीनकृष्ण,
दूर दूर संचार अछि जकर सुनिश्चित,
जानै छी अकारण कोना उठा कय पटकै छइ ओ -
अहांक आ' हमर भावना, विचार कें;
कनेको मतलब नइ ओकरा सत्यता सं
कोना देखै छइ मात्र बजार मे
चढ़ैत-उतरैत अपन रेटिंग कें -
ई सबटा हम जहले मे बैसि कय

जानि जाइ छी
आ' अहाँ - ?

नीपल-पोतल अंगिना मे रहियहु कय
शहरक ऊंच ऊंच अट्टालिका मे रहियहु कय
समुन्दर मे हेलैत जहाजक मास्तूल पर चढ़ियहु कय
नहि जानि पबै छी किछुओ -
धिक्कार अछि अहांक जीवन कें,
एहि सं त' हमर जहलक चहार-दीवारे नीक छल
जे एतय हाथ-पैर पर चढ़ायल अहि बेड़ी
आ' तैयहु जानि जाइ छी हम -
कोनो दलित बालक कें अहाँ
कोना कोना कय करैत रहै छी आर हैरान
कोना लूटै छी मुनाफा मिड-डे-मीलक प्रकल्पो सं
कोना अक्षय पात्र तर करैत रहै छी छेद
आ' हथिया लै' छी सभटा कवरेज
अखबारक मुखपृष्ठ पर सचित्र विशेष पर
कोना कोना कय

एत्तहि बैसि कय
मोने-मोन
लिखैत चलि जाइत छी हम
जहलक डायरी मे सभटा हिसाब-किताब दय
रावण-कथा हमर -

शान्तिनिकेतन
27.2.2014.

## **जहलक डायरी** - 13

ई जे हमर वार्तालाप
मात्र अहीं सं छड़ कविता
आर त' क्यों चथिये नइ एतय
कोठरीक भीतर बन्न भेने
मात्र अहीं कें त' ढ' कय राखि सकै छी कोनहुना
बिना किछु यतन कयनहि, भूखले पेट,
कियै रहत आर क्यो जीवन मे हमर गद्‌यमय?

अहाँ कें त' माटि पर दै छी सूतै
त' ओछाओन दय पूछिते नइ छी
रहै छी कलमक नूक पर आगाँ
त' बहिराब' दय सोचिते नइ छी अहाँ
कागज़ पर;
राखय छी डायरीक पृष्ठ पर अहाँ कें
त' रहि जाइ छी निश्शबद चुपचाप
देर राति धरि;

आब आइ भोरे भोर
जखन हमर भीतर उठि रहल अछि
भावना केर बवाल
तखन वार्तालाप त' शुरू हैत
मात्र अहीं सं
कविता!

शान्तिनिकेतन

14.8.2014.

## जहलक डायरी - 14

आयल छली एक बेरि
भेंट करय दमयंती
नलदेवता सं आपन
बन्न कारागार मे कतेको
भ्रान्ति केर शिकार बनल !

नइ देखल गेलनि दुर्दशा
एत्तेक गोट नलदेव
नकली चेहरा नेने बन्न
एक-एकटा कोठरी मे अलग अलग !
हिनके मे सं देखि कय
चयन करबाक छलनि, दमयंती कें -
बूझि कय कोनहुना
के छला असली नलदेव !

देखू आब कोना की करती ओ,
दमयंती

शान्तिनिकेतन
27.2.2014.

## जहलक डायरी - 15

काल्हि आयल छला' महानुभाव कोनो
जहलक परिसर मे जयंती मनाओल गेल कोनो
फूल-माला-धूप-दीप कतेको यतन छल कयने
ताहि लेल रक्षी आ' पुरनका कैदी सब,
जे क्यो आब भ' गेल छल घरेक लोग जकाँ
शांत-समाहित,
हमरा जकाँ नइ क्यो

ओ आबि कय सुनओने छला'
की की भ' रहल अछि बाहरी पृथ्वी मे एखन
कोना आब हमरा सब जकाँ मूर्ख
नइ करै छल व्यवसाय कोनो,
कत्ते' त्वरित भ' गेल अछि टाका केर
आवागमन,
कोनो दुनिया केर सब सं पैघ वणिक
आब हवा मे क' रहल अछि व्यवसाय -
'वर्चुअल रियलिटी' ने की दन कहलनि तकर नाम,
जे बनि गेल अछि चालिका शक्ति आब -
ककरो ने मोट ढोब' पड़ै छल एखन,
ने ककरो जमाखोरी करबाक जरूरते छल कोनो !
फलना-बाबू की कीनै चाहै छथि
से आब ठीक क' दैत अछि मशीने,
चिलना बाबू कतय जयता' सपरिवार
से आब तय क' दइ छइ मात्र टेलीफोने,
जकर माथ पर बैसि कतेको डेटा-ज्ञानी

सदिखन जटिल गणितक सूत्र नेने साथ
व्याख्या करैत रहैत छल कत्तेक सूक्ष्मताक संग;
कियै आब फलना बाबू कें चाहियनि कारी कुर्ता
आ' कत्ते' तरहक कारी कुर्ता मे सं
कोन कोन पर नजरि टिकल छनि हिनक,
कत्ते' पाइ केर बचत क' सकै छथि ओ
एहि खरीद केर पहल सं;
कियै चिलना बाबू घूमै ले'
जयबे करता' पटवा-बैंकॉक दिसि
कारण कत्ते तरहक पैकेज क' सकै' छल
आकृष्ट हुनका ! कत' कोन कोन ठाम
रहने तीन राति, आर दुइ रातिक लेल
भेंटि सकै छनि बिनामूल्यक होटल -
ई सबटा क' देत छैक निर्धारित
आब 'वर्चुअल रियलिटी', बाहरी दुनिया मे !

हुनक ओ भाषण, गांधी बाबाक जयंती
सब किछु दय सोचैत घुरलहुँ जखन

पुनः काल-कोठरी मे हम -
सोचि रहल छलहुँ - एखुनका समय होइतै’
त’ भरिसक गांधीओ बाबा केर सभटा निर्णय
लेबा’ ले’ प्रस्तुत भ’ कय आबि सकै छल
‘वर्चुअल रियलिटी’ - कहि सकै छल,
बेकार हैत ई दांडी मार्च, छोड़ू एकरा;
कथी ले’ जायब नोआखाली, बचबइ ले’
जान किछु मनुक्खक - जोखिम मे डालि कय
जान अप्पन, बाबा? घुरि आउ अधे
रस्ते सं, बहाना बना कय कोनो!

ईहो लागल -
एहन वास्तवता, रियलिटी एहन
भरिसक जहलक वास्तव नइ बनि
सकै छइ कहियहु
हमसब जेना छी, तहिना रहब
अपरिवर्तित,
अपरिवर्तनीय

शान्तिनिकेतन
27.2.2014.

## **जहलक डायरी** - 16

जहलक जाहि दिसि हमर बंदीशाला अछि,
तकर सामने जँ एकटा आर कमरा रहितै’
त’ ठीक तहिना लगितै’ जेना
सिनेमा मे देखल जेल-खाना जकाँ

मुदा हमर वेदन-शाला केर सामने
पथरल पड़ल रहै’ छइ एकटा आँगन
जकर बीचो-बीच लकड़ीक दूटा डंडा
माटि तर कंक्रीटक नीचा गाड़ल
आ’ जकरा दुनू कें जोड़ै’ छइ
तेसर एकटा मोटगर लोहा -
जे फांसी मे लटकैबा’ ले’ बनाओल गेल छल,
ओजनदार बार, संयोजक कोनो

कखनहु लागै छइ
ईभरिसक ओ स्थान छल,
जते ने जानि कतेको लोग कें
फाँसी मे लटकाओल गेल छल.
हम त’ मात्र जहलादक कृपाण आ’
अध-मुइल भैंसक आँखि देखने छी
जकरा बान्हल जाइ छै खुट्टी मे
हम की-दन गेलियै’
कोना मनुक्ख कें फाँसी पर लटकाओल जाइ छइ!

मुदा ओहि अंगिना घरक
परित्यक्त खंभा परक यंत्र कें देखै’ छी
त’ ने जाने आरो कतेक आसामी केर
अंतिम आर्तनाद एखनहु प्रतिध्वनित
बुझाइ दैत अछि

पता नइ हिंसक बनि
ओ ककरहु प्राण नेने छल
अथवा कहां बाध्यता छलै’, दवाबे कोनो
जे अपन प्रियजनक गरा टीपि कय
हत्या क’ देने हैत
आ’ तकरहि लेल आइ फांसी केर फंदा
आइ ससरि कय उतरि रहल छल
ओकरहु गरा पर -
आँखि मे कोनो भाषा नइ

निःशब्द दृष्टि जेना होइ छइ,
कटते काल मे छटफटा कय रहि जायत
लटकैत पैर दुनू -
एत्तहि बैसल बैसल हम सभटा दृश्य जेना
नमहर कोनो पर्दा पर
देखि-बूझि रहल छलहुं;
विश्वासघात केर उपन्यास कोनो
आइ मात्र शिल्पित आँगन बनि रहि गेल अछि |

अथवा, ईहो भ' सकै छइ -
देशमत्रिकाक नाम गबैत गीत कोनो
मातरमक ज्वार मे भासल क्यो
आयल छल एत'
आ' वीर्दार्प मे सबकें चौंकाबैत
बाईबल पढ़ैत पादरी कें बूड़िबक बनाबैत
कहने हैत - अंतिम इच्छा एतबे
जे हमर माटि पर सँ अनकर पताका
समेटि कय ल' जाय क्यो;
हमर गाछ-बिरीछ, पुष्प-लता, शिशु-किशोर
गाबि सकय गीत कोनो
अपने अपने भाखा मे,
अनमोल बाल-बोली केर कहकहा सँ
भरि उठय अंगिना पुनः

पता नइ
आइ राति जखन बीतत,
भोरखुना पुनः जखन नजरि पड़त
जहलक आङ्न दिसि -
फेर कोन नव नव कथा फुरत मोन मे
वीर-गाथा कोनो
आ' कि करुण-रस मे डूबल
लखीन्दरक पिहानी कोनो

दिल्ली
26.3.2011.

## **जहलक डायरी** - 17

जहिया चलइ छलहुं मार्ग पर सं कोनो
खसि पड़बाक डर होइ छल
देखि देखि कय चलय पड़ै छल -
होइ छल खसि पड़बाक डर !
अकासक जादूगरक करतूद देखैत देखैत
चलइ जे छलहु !

आब,
एहि आठ-बटे-आठ कोठरी मे
असगरे,
नइ चलै छइ आन लोगसब कखनहु
ने गाड़ी-घोड़ा-साईकिलेक डर कोनो
सबटा ऊंच-नीच कें मेटा देलक अछि ई जहल,
सामान क' देलक अछि सभटा असमान कें
चलैत रहू चरैवेति कतबो चलू अहाँ
एत' सं नइ पहुंचब कत्तहु,
एत्तहि घुरि-घुरि आयब वर्ष-दर-वर्ष

शान्तिनिकेतन
31.3.2014.

## जहलक डायरी - 18

ज्वालामुखी केर तरजुमा करै कहै छी
त' सोच मे पड़ि जाइ छी......
जे कोना-कोना कय जोड़ब छिन्न-भिन्न शब्द कें
टुकड़ी- टुकड़ी भेल ध्वनि आ' अर्थ कें
अहाँक नायिका कें बना देलहँ अछि
अपन उपन्यासक मुख्य पात्र !
ठीक जेना हमर खूँखार खूनी पात्र कें
अहाँ बनौने छलहुँ अपन हीरो !
नाग कन्या कें बजा कए ल' अनलियनि
हुनका सँ बियाह रचबा लय
ता कि अगिला प्रजन्म संग जुड़ि जाय पाताल आ'
पृथ्वीक सबटा भीषणता
आब अहाँ कहू ई सबटा गप जे कहलहुँ
से कोना-कोना कए ज्वालामुखी कें
अपन पेट आ हृदयक तर दबा कए
शब्दमे उगरैत रही सबटा लावा
कथा-पिहानी अन्य पृथ्वी केर
आ जोड़ि अपना कें क्रोधित विश्व केर संग
तनाव कें ल' आनी अपन कलम केर सियाही बना कए
आ प्रयास करैत रही ता कि तरजुमा क' सकी
ज्वाला केर, दहन केर, 'आह' केर
आ' खोज क' सकी ओहि मुख कें
जे हमरहँ माटि पर उगि सकै छल
मुदा कथा बनि कए जागि उठल छथि अनकर 'जुबान' मे,
जहलक डायरी बनि।

उदयपुर
14.7.2008

## जहलक डायरी - 19

कखनहु भरिसक ईहो लागै' हैत
जत्ते रमणी सँ कयने छलियै कपट,

प्रेमक नाटक ने जाने कतेक,
आइ भरिसक तकरो सबहक सन्मिलित अभिशाप
दीवार बनि कय ठाढ़ भ’ गेल अछि
अहीं केर चारू कात

भ’ सकैछ
कखनहु अहाँ कें ईहो लागै’ हैत
एकटा मौका जं आर भेंटिते
त’ भरिसक, अनामिका, अहीं क बाट जोहितहुं
एसगरे, विशास करू, अहींक दिसि
बहा दितहुं पत्र-पूट-काव्य-अंजली

मौका रहितै’ त’ खींचि कय उतारि दितहुं
मित्रक मुखौटा कतेको चेहरा पर सं
मौका भेंटिते त’
पूछितहुं, जानितहुं अहाँसभक वेदना दय
ककर जीवन मे कोन अघटन-विघटन
भ’ गेल हैत जे आइ
वाध्य भ’ कय सब क्यो फेरि लेने अछि मुँह
अपनहि नायकक दिसि सं

मौका भेंटत तखन ने...

दिल्ली
26.3.2011.

## **जहलक डायरी** - 20

जहले त’ थीक हमर-अहांक ई बंधन
सभटा जहलेक भीतर रहै प्रतिश्रुति -
मधुवाता ऋतायते, मधुक्षरति सिन्धवः, नहि त’
भरि भरि दिन, भरि महीना
साओन सं ल’ कय अगिला वर्षा धरि
साल-दर-साल अहाँ हमरही रहब
आ’ हम अहीं कें देखै’ रही!
तेजी आ’ मंदी, ऊंच-नीच सब किछु
एतबहि मे रहै’ छइ सीमाबद्ध
जेना चारि-चारिटा नमहर देवार
चारू-कात सं  बाँही नेने अछि हमरा दुनू कें
अदृश्य कोनो संहिता मे
नहि त’ कत्तेक नीक होइतै
जँ नइ होइतै बंधन अग्नि-साक्षी कोनो

मुदा भीतरे-भीतर रहत आर्ति-आकूति
दरबज्जा केर अऽढ़ सं
राह चलैत विपरीत दिशा मे
रेलक छूटि जाइत कमरा केर खिड़की सं देखैत
अथवा चाहक बगीचा मे पोटरी मे चाहक पत्ता चुनैत
देखि सकितहुं एक नजरि
आ' देखितहिं शरीर मे दौगे लागत
तीन हज्जार काला-घोड़ा -
मोनक भीतर बाजि उठत जोर जोर सं
घंटा केर ध्वनि
आ' छाती केर भीतर प्रेमी हृदय
काँपि रहल हैत अविराम
सदिखन गबैत अहींक नाम
अनामिके -

कहू जहल मे कैद सभटा सम्बन्ध सं नीक
होइतै' की नइ एहन सब भावक
विरलभाषा मे वार्तालाप
एक नजरि देखै' ले'
एक रत्ती छूब' ले'
एक राति सम्पूर्ण क्रांति केर नाम
सभटा देवार ढहाब' ले'
भीतरे-भीतर चलै' रहत घमासान आत्म-युद्ध
तदेजति तन्नेजति तद्दूरे तदंतिके
क्यों छथि, भरिसक अहीं छी - जे पास मे छी,
आ' दूर दूर सेहो, जहलक मानक भीतर छी
आ' बाहरो -

तखन कने सोचू त' अनामिका,
कहां लागत सभटा देवारक ढहि जायब?

दिल्ली
23.3.2011.

## जहलक डायरी - 21

आइ बहुत दिनक बाद
दूटा पाँति मोन पाड़ैक प्रयास मे छी
एत' बइसल जहलक कमरा मे बन्न !
पहिले मोन पड़ि रहल अछि
अहाँक नचइत आँखिक भाषा
अहाँ किछु नइ बजइत
चटनी पर छलइत जीभ
आ' पहाड़ी पर चढ़इत अहाँक
फूलइत कँपइत नासा
मुदा पाँति दुनू कहाँ मोन पड़ि रहल अछि

आइ बहुत युगक बाद
वर्षा हमर नैना कें स्वागत कयलक
बिनु छतरी, बिना कोनो अऽढ़क
अकारण पानी ढारैत माथ पर
जेना लागल राह चलइत हेरा गेलि
नायिका किछु हँसोथि रहल छथि -
भरिसक हमरहि सबहक देह छथि खोजैत
आ' हुनका मिलि जाइत छनि
पुरनका प्रेमक स्पर्श कोनो !

आइ बहुत दिनक बाद
हंसी-मसखरा क' सकइ छी अहाँ सँ
आ' कहि सकइ छी, बाऊ, आब त'
अहीं पता क' लियऽ एहि कथा केर
अगिला हिस्सा कहां हैत?
हमर सभटा कटलका अंग कैंआ' हमर नायिका कें
की भैंटि सकत - हेरायल,

भङठल, हँसि कय उड़ा देल गेल
ओ दुनू पाँति?

जाहि मे जोगि कय राखने छलहुं
नेंपनक स्मृति कें
शरीर मे उगल पहिल तृषा केर
अनुभव कें सेहो -
ओहि सभटा फूसि कथा कें सेहो,
हमर-अहाँक बीच चलि रहल
अंतर्मनक वार्ता कें
आरो ने जाने कत्तेक रास कथा कें

आइयो, बहुत दिनक बाद

कलकत्ता सँ दिल्ली जाइत
11.7.2012.

## जहलक डायरी - 22

अहाँकें भरिसक क्यो नइ
कहि सकल आइ धरि
नइ सकल अछि बूझि
कथा हमर-अहाँक बीच
कोना नर आ' नारायण पर्वत सँ
बर्फ बनि गलि-गलि बहैत रहैछ
धमनी मे हमर, शिरा-उपशीर मे
        भरल क्रंदन,
        लदल भार कतेको शतकक
        अपराधक लाजे' हम
चील बनि कय उमड़ि-घुमड़ि रहल छी
        मेघक संग
        अप्सरा बनि
        बृहन्नालाक भेख मे
        हम छी अर्जुन
कियै' चित्रांगदा एखनहु छी अनजान

क्यों नहि कहि सकल अछि अहाँ कें

कि अहाँ छलहुं चित्रांगदा, हम अर्जुन !
हमर सभटा कथा-पिहानी
पढ़ि रहल अछि आने क्यो
आ' भरि भरि राति
जरि रहल अछि दीप
बूझि नहि सकल अछि क्यो
कोना गलि सकै छइ हिमालयो !

दिल्ली
11.7.2012

## जहलक डायरी - 23

ई नइ जे दू-एकटा छोट-छीन भूल नइ भेल अछि जीवन मे
तोड़ने छी कतेको गोटे केर संदूक
मनक टाला कतेको जनक
हताश भेल हेती' कते तनु-तरुणी
मुदा ई त' मानै'टा पड़त जे
एखनहु नीक लागैत अछि बुद्धिदीप्त मानविक आँखि
जखनहि कोनो नारी प्रतिवादक आवाज उठा कय
ठाढ़ भ' जाइ छथि बीच सड़क पर
सभटा सांस यातायात कें ठप कयने
समताक बात जनिक जीभ पर
साम्यवादक रटल कोनो वाणी नइ
ललका पोथी सँ बहिरायल धधकैत आगि
जनिक गर्जन एखनहु सुनि सकै छी
जहलक भीतरो
सुनै' छी आ' मोने मोन भ' जाइ छी दुर्बल
हमहूँ ठाढ़ समर्पनक भंगिमा मे
मुदा अहाँ त' जनिते छी, अनामिके,
मनुक्खक, पुरुषेक कही, एहन दुर्बलता
नव कोनो बात नइ छइ -
पुरुष आ' प्राकृतिक जीवविज्ञान मे
इयैह बात त कहि गेल छथि विद्वज्जन

मुदा मात्र अही लेल अहाँ हमरा दिसि
अकरुण दृष्टियें देखब, त्याग करब हमर
चलि जायब जहलक बाहर बहैत
नदी मे भासि बहैत हेलैत खेबैत दूर कतहु,
सेहो त' थीक नइ, अनामिके!

भूल ककरा सं नइ होइ छइ?

दिल्ली
9 मार्च, 2013

## **जहलक डायरी** - 24

चित्रकार आ' कवि
छथि आमने-सामने बइसल पुनः
बहुत दिन बाद आब मौका भेंटल अछि
एक दोसरा सं बतिएबाक -
दुनू पकड़ल गेल छी सरकारी हवालात मे
प्रतिवाद करैत पकड़ि लेलक अछि
निर्मम शासकक पुतला पुलीस-सब
आनि कय राखि देलक अछि सामने
असम्यक चित्र अकविता आ' खाद्य-वास्तु कोनो
झोरा मे सँ रंग सँ लेसल तूलिका सभटा
ताकि रहल अछि सूखल रोटी आ' तरकारी दिसि
शिल्पक प्रयोजन, कविता केर जरूरत
खोजि रहल अछि बड़का कैनवास कें
कविक जहलक डायरी गेल छनि भरि
ओनामासी रचना सभटा सँ जकर
विद्रोह विरोध सँ, प्रतिवाद सँ
सम्बन्धे नइ अछि ककरहु
चित्रपट पर अर्ध-सत्य अर्ध-नग्न
जेना अस्फुट असमाप्त छवि होइ कोनो,
एहि अन्हार मे सूझै नइ छनि
की की सब आँकि रहल छथि मोन मे
सब मिलि कय कोलाहल बुलंद नारा सब
आबि रहल अछि जहलक बाहर सँ
सोझे भीतर ढरि अहू कोठरी धरि मुदा
दुनू बूझै छथि कोलाहल नइ,
भ' सकै छइ कविते कोनो होइ
अर्ध असत्य सँ नइ बनत चित्रकला
प्रतीक्षा छनि तैयहु जँ
अहिना कहियहु आबि जाथि नायिका पुनः
भेंट करय ले' दुनू सँ जहलेक भीतर

मुम्बई; 10.03.2011.

## **जहलक डायरी** - 25

काल्हि राति धरि छलहुं
गोवा केर समुद्रतट पर बनल
एकटा विशेष जहल मे बंद -
दूटा भाषा केर बीचोबीच दीवार बनि कय
भाषा-विद, कय सौ साल धरि चलि रहल
एहि झगड़ा-फज्झति कें करय ले' शेष
जेना-तेना हो -
संधि नइ त' समासे हो !

आब खुलि गेल अछि दरबज्जा जखन जहल केर
देखि सकै छी पुण्डलीकक नाटक-सभटा अहूँ
पढ़ि सकै छी दामोदर मौजो केर कथा सभटा
आब असंभव नहि मुंबई सँ भालचंद्र नेमाड़ेक
उपन्यास-सब पढ़ब,
नहि त' तेंडुलकरक नाटक देखब - घासीराम कोतवाल
समुद्रक ढेव केर आनंद लैत एत्तहि सँ

आब कठिन नहि भूगोल-गोल खेल कोनो
लकीर खीचाब पुर्तगाल सँ पश्चिम समुद्रतट धरि
सीधे चलि आबै' छथि ईसा-मसीह जीआबै ले' हमरा
एहि दु:ख पाप अपमान सँ
जे क्यों शिखाधारी अनाधुनिक
जाति-पातिक अभिमान सँ फूटैत-फाटैत
धरमक फुहारा, गैस सँ भरल बलून जकाँ
हुनका सभकें कहैत शांत होऊ
शांतता शांतता अग्निमीळे पुरोहितम्
यज्ञक ऋत्विज बनि कय -
आब' दिय' नबका प्रजन्म कें
बाज' दिय' नवडंका नवीन युगक

नव-कालिका हमर नव-मल्लिका कें
हुअ' दिय' प्रस्फुटित मिथिला केर बाग़-बाग़ मे
सीखू एतय सँ कोना पाँच-पाँचटा लिपि मे
लिखल जा' सकल एक्कहि-टा कोंकण मन-कथा
कोना जी सकैछ एक्कहि थाड़ पर खाइत
हिन्दू मुस्लिम बज़्र ईसाई
आ' हम छी एखनहु बन्न जहल मे
अपनहि बनायल पंजिका मे लिखैत
अपन वंशक गौरव-गाथा दय सोचैत
कोना लिखी काव्य कोनो
जतय नीचाँ देखाओल जाय
राजा सलहेस आ' लोरिक-जन कें,
कोना आनल जाय भेद-विभेद अपनहि मे!

आबहु जागू सूतल मिथिला-देश !

गोवा; 9.03.2013.

## जहलक डायरी - 26

के कहलक अछि - दू आ' दू जोड़ू
त' चारिये होइ छइ?
कतबो जोड़-तोड़ करैत रहू
हमरा सबहक राजनीतिक सतह पर
दू आ' दू सुन्ना सेहो भ' सकैछ

के कहलक अछि - सौ सँ एक घटा दी त'
निरानबै भ' सकै' छइ एकमात्र परिणाम ?
दू-दूटा सुन्ना लखा' दइ छइ हमरा
सौ सँ एक कें मेटा' दियह त'

जखन गणितक नाटक पर पर्दा खसि जाइ छइ
तखनहि जीवनक होइ छइ शुरू
जाहि मे अंक आ' दृश्य होइ छइ
दोसरे तरहक, कतहु दूर दूर धरि
हिसाबक खता नइ नजरि मे आबै छइ ककरहु

जतय मात्र अहाँ छी शून्यक भीतर
आ' हम दुनूटा सुन्ना के चढैत
चलबैक आसमान सड़क पर सँ
साईकिलक हैंडिल कें नीक जकाँ धरैत

उपसंहार एतबे जे
आबहु जँ दू आ' दू चार जोडबाक हो
त' हमरे दुनूक बात मोन राखब,
सैह थीक हैत !

दिल्लीक पथ पर
5.8.2012.

## जहलक डायरी - 27

बात शुरू भेल छल किछु एइ तरहें
जेना प्रायः कथा-पिहानी मे होइ छइ
देखिनहि होयब -
कथा-शेषक प्रसंग रहइ छइ शुरूये मे -
ओना शुरूओ मे जे किछु होयबाक छल,
से नइ शुरू होइ छइ टाइम पर,
जखन मानू कथाक बीचोबीच पहुँचि गेल छी
तखन लागै छइ,
हे भगमान, जँ एकबेरि फेर
शुरू सँ शुरू क' सकितहुं
सब किछु -
जँ सभटा घटना कें उलटि-पुलटि कय
राखि डेक जाइक एखनहु;
तैं अहू कथा केर हाल तहिना भेल छल
जेना अहाँ सभक कहानी मे होइ छइ -

किछु दूर आगाँ बढ़लहुँ
त' देखल गेल दुइ-चारिटा जानल-पहचानल गाछ -
किछु डारी त' किछु झारल पात सब
फूल सँ भरल टोकरी -
आब ई पता नइ छलि रहल छल
जे ओसबटा किछु बाजत वा नहि

माटिक दीवार पर बैसि
दूटा मैना हिचकिचा रहल छल
सोचि रहल छल भरिसक
एहि बेरि सभटा गाछ-बिरीछ
अपन चुप्पी तोड़ैत बनय चाहत
चलैत-फिरैत बातूनी बायोस्कोपक अंग;

मुदा सेसब किछुओ नहि भेल
मात्र धावित होइत आयल
भीषण बैशाख केर बिहाड़ि
जेना घरक छाहरि सबहक नह-केस
उपाटि कय उड़ा ल' जयबाक लेल आयल ओ
उड़ा' कय लइयो गेल हैत चारूकातक घेरा कें,
बैल-गाड़ीक छतरी,
छत पर सूखै लेल देल गेल कपड़ा-लत्ता
कनी-कनी कय भङठल खसल अलसी केर पात सब
पोथरायल अलसी केर पात सब

ओना देखल
त' एहि तरहें क्यो नहि तोड़ै छइ
देल गेल वचन ककरहु
आ' ने एहि तरहें शुरू होइ छइ
कोनो लघुकथा, उपन्यासे

फेरो कत्तेको कालक पश्चात
जखन अहाँ थाकि गेल होइ
आईना केर संग लड़ैत लड़ैत
जखन अहाँ भरिसक गोसा गेल छी
अथवा भ' गेल छी समाहित,
पोंछि नेने छी मुँह पर सँ सबटा पोतल रंग,
भरिसक आब सोचि रहल छी -

देखी ने, आईना आब की कहै छइ,
हमरा सब मे कहू त' के थिक
सब सँ श्रेष्ठ सुंदरी,
जकरा ल' कय एखनहु रचल बाक़ी छइ
उपयुक्त विशेषण उपन्यासे कोनो?

हमरा लागै छल
आबहु बाजी उठत ओ बुक आईना हमर
भरिसक आबहु पता चलि जायत
कोना शब्द पर शब्द तह कें सजा'
एक सँ एक झूठ बाजि सकै छी सहजहि -
कोना कहानी केर चन्द्रमुखी घोड़ा
अश्वमेधक आँकल लकीर सँ बहिराइत
चढ़ि जाइत अछि गाछे पर निश्छल
अहाँ सभक कथा-पिहानी मे ,,,

मुदा...
आनो कोनो तरहें
शुरू भ' सकै छल
हमर-अहाँ केर प्रसंग

बेंगलूरू
5.4.2011